

ESTANDA VIL NEW YORK POU

# SWEN KI MONTRE RESPÈ PANDAN AKOUCHMAN



Ou gen yon dwa antanke moun pou yo trete ou ak respè, pou w pa an danje, ak pou w resevwa swen bon kalite pandan w ap akouche a.



## EDIKASYON

Ou merite pou w mande ak pou w resevwa enfòmasyon ki senp ak fasil pou konprann konsènan swen sante ou, pwofesyonèl swen sante ou ak chwa ou genyen sou fason pou vle akouche a.



## DWA POU PRAN DESIZYON

Ou merite pou w decide ki sa k ap pase ak kò ou ak pou pran desizyon pou tibebe w lan.



## SIPÒ

Ou merite pou w resevwa sipò pandan gwosès la, tranche, ak akouchman, ansanm ak apre akouchman tou.



## KONSANTMAN ENFÒME

Ou merite konnen ak pran pwòp desizyon ou sou tout pwosedi medikal ou yo. Sa rele "konsantman enfòme" epi se yon dwa legal ou genyen.



## BON KALITE SWEN

Ou merite pi bon nivo swen sante posib.



## AK DIYITE EPI SAN DISKRIMINASYON

Ou merite pou yo trete w avèk diyite ak respè pandan gwosès la, tranche, ak akouchman, ansanm ak apre akouchman tou - kèlkeswa sa ki rive.

Nou te kreye estanda sa yo pou enfòme, edike ak sipòte moun k ap akouche - moun tankou ou.

Estanda sa yo ankouraje w konnen dwa ou kòm moun ak pou w patisipe nan desizyon pou akouchman w la.

**NYC**  
Health

Pou jwenn plis enfòmasyon, chèche **SRJ** nan [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health).

Si ou kwè yo te maltrete ou oswa refize ba ou swen oswa sèvis poutèt sèks ou, gwosès ou oswa nenpòt lòt kategori ki pwoteje anba Lwa Konsènan Dwa Moun Vil New York la, rele 311 oswa 718-722-3131 pou depoze yon plent devan Komisyon Dwa Moun Vil New York la.

Se reyinyon kominotè ki te pèmèt nou sanble enfòmasyon ki nan dokiman sa a epi se Gwoup Angajman Kominotè anfavè Jistis Seksyèl ak Repwodiktif (Sexual and Reproductive Justice Community Engagement Group, SRJ CEG) Depatman Vil New York la ki te kreye dokiman sa a.

Kòm yon pati nan yon angajman anfavè jistis seksyèl ak repwodiktif, SRJ CEG travay pou ankouraje jistis pandan akouchman. **Jistis pandan akouchman** egziste lè tout moun gen libète ak sipò pou pran desizyon konsènan gwosès, akouchman ak apre akouchman avèk diyite. Sa a gen ladan aksè nan bon kalite swen, swen ki respekte kilti moun nan, libète pou chwazi ki kote epi ak ki moun yo vle akouche, ak kapasite pou aksepte oswa refize entèvansyon medikal.